# Малика Гереханова-
# нижер ч1ух1и

**Класстун къват1исеб х1алт1и**

**Х1адурана:** авар мац1алъул ва адабияталъул муг1алим
Х1ажиева Мадинаца

**Дандч1ваялъул мурадал:**

Ц1алдохъабазул лъай- хъвай гьаби буртабазул намус ц1унарай маг1арулайгун, г1олахъанай шаг1иралъул куч1дузулгун лъай- хъвай гьаби, асаразул тематика бич1ч1ин, авар мац1алдехун ва адабияталдехун рокьи бижинаби.

**Учитель:** хириял ц1алдолхъаби, учительзаби, жакъа къоялъул гвангъарал ц1вабзазул ц1аралъулъ т1адег1анаб ккола Маликал г1олохъанаб гьаракьалъги. Жакъасеб данделъиялда раг1изе бокьун буго нужеда Маликал ч1агояб, х1еренаб, пахрулъи гьеч1еб гьаракь. Сонисей ц1алдохъан, амма метерисей г1алимч1ужу, жакъасей асперантка.
Гьаюна Малика нилъерго г1агараб Салатавиялда 1982 соналъул 24 декабрялда Казбек районалъул Буртунай росулъ. Лъимадулаб г1адатлъи, г1адамал хиралъи ва г1аданлъи гьелъулъ кидаго ц1унун хут1ана. Школалъул партабиги тун, Малика рокъой ч1еч1о. 2000 соналъ ана Мах1ачхъалаялъул ДГУялъул филологияб факультеталде ц1ализе. Баг1араб дипломалда лъиг1изабуна Маликаца гьеб, гьелдаги г1ей гьабич1о, х1албихьана аспиранткалъун яхъине. Гьеб мурад т1убана. Гьабсаг1ат ц1алулей йиго Дагъистаналъул г1елмияб централъул РАНалда литературияб отделениялда.
Щивасул рек1елъ к1ут1ула т1оцебесеб ц1умур, ахирияб дарс. Школалъул байрам, 1-сентябрь к1одо гьабун, хъвараб кеч1.

**1 ц1ал-н.** «Т1оцебесеб сентябрь»
Гьале т1ада щвана гьобол киниги,
Т1оцебесеб сентябрь- рохалил байрам.
Гьале байбихьана ц1ияб ц1алул сон,
Ц1иял анищазул хьулазул рахас.

Т1оцебесеб ц1умур зваргъолеб буго,
Дандерижи г1адин цебе аралъул.
Т1оцебесеб ц1умур кьабулеб буго,
Байбихьи киниги бук1инисельъул?

**2. ц1алд-н.**
Ц1урмил гьаракьалъ нилъ ах1улел руго,
Ц1ияб г1умруялъул г1умрудул к1алт1е.
Гьелъул ах1иялъ нилъ рачунел руго,
Гьайбатаб гвангъараб г1умрудул рагьт1е.

**3.ц1алд-н**
Дир аманат буго ц1алдохъабазде
Диеги к1удияз гьабун батараб:
Къулг1адул рагьт1е щун, лъайги щвеч1ого,
Г1адада биччаге анц1ила цо сон.

Хадубги цо гьари гьит1иназдехун,
Цере араз дийги гьабун бук1араб.
Ц1алулъ бергьенлъаби ч1ах1иял росе,
Школалъул къадруги борхатго ц1уне.

**Учит-ль:** Бук1инисельъул ва аралъул пикру гьабулаго, т1оцере рек1елъе лъугьана, хинал карачалабилъун, школалда арал сонал, гьанир раккана т1оцересел гьудулзаби, ккана т1оцебесеб рокьи, г1ищкъудул ц1аялъ ц1убарал мугьал г1адин, рижун рач1ана жугьаби. (рокьул куч1дул рик1к1уна ц1алд-з)
Бальго ккараб г1ищкъуги ц1унизе, ц1убаялъул бальголъи рагьизе, ургьалаби ва рохелал гьурщизе кумекилан йортана эбелалде.Р.Х1. абухъе «Эбелалъ дир кинидахъ куч1дул ах1ич1елани, т1олабго лъалароан.»

**4. ц1алд-н «Эбел»**
Лъималазда хадуб гъарулеб дир рак1
Гьалагал ургъелаз бух1улеб керен,
Пархолеб ц1аялде т1аде ялагьун,
Цебе ч1ола дида, хирияй эбел.

Берзул раг1алдасан гирулеб маг1у,
Бух1араб маг1ица чурулеб гъумер,
Лъарал чвахиялда хадуй ялагьун,
Бач1уна рак1алде, г1азизай эбел.

Гьит1инго дуца дилъ г1езе гьабураб
Рек1ел т1иналдаса- т1огьол ахикьа,
Гьале т1огьол квац1и-коч1ол раг1аби
Дица дуе жакъа рит1улел руго.

**Учи-ца:** Маг1арул ч1ужуг1аданалъул т1адег1анаб образ г1асрабаз цин т1ерхьун, цин баккун, къурарал сверабалъан, сухъмахънухалъан, цин пашманго, цин бохун щвана нилъер г1асруялде. Дов нилъер Мах1мудил Муиги ятизе зах1малъула жакъа къоялъулъ. Маг1арулалде ах1ул гьаракь намус-ях1 ц1унеян, буго «Маг1арулай» коч1олъ.
(Кеч1 ах1ула ясазул хоралъ.)

Щивасул рек1елъ рик1ун хъварал раг1аби хут1ула, ганч1ида накъищ киниги, пикрабалъ г1емерлъун, къалам босарабго, кверзул хехлъи г1оларого, г1емерал раг1абазул рек1ел т1иналдасан чвахулеб халатаб рахас ч1ей гьеч1ого бач1ана нильго г1ураб г1агараб ракьалде, гьелъул гьайбалъиялде ва берцинлъиялде. Гьединаб рахасалъ рухьарал руго Маликал гьал жиндилъ ч1имиг1аб бак1 гьеч1ел раг1аби.

**«Санта- Буртунай»**

**5. ц1алд-н**

Дир рокьул г1урдаллъи, г1ищкъудул ханлъи,
Хиялаз ц1ехолеб Салатавия.
Дир муг1рузул т1огьал, т1угьдузул майдан,
Мун дие г1агараб, Буртунай росу.

Дагъистан ч1ух1арал лебалал васал
Чанги роржун арал дир рук1назухъа.
Россия бахилал, маг1арул ясал,
Меседлъун кунч1арал рорхалъабазда.

**6.ц1алд-н:**

Лебалал васазул сиях1ул кьерда
Сиднеялъул медаль каранда бараб.
Х1урматаб бак1алда меседил хат1алъ
Г1умахановазул бик1ун бугеб ц1ар.

Х1ажатал къоязда къват1ив вахъунев
Дур ч1ух1и кколарищ Мах1ачев Х1ажи.
Рек1ел г1ат1илъиялъ, сахаватлъиялъ
Машгьурав вук1инч1ищ кивго Саг1идбег?

**7. ц1алд-н**

Доба Москваялда Госдумаялда
Хъах1аб т1алаялъул т1охда рещт1араб
Ракълил х1инч1 г1адинай,дур Х1амзатова
Муг1рул намусалъул мисал кколарищ?

Дир рохалил авлахъ,ургъелазул гох1,
Лъимерлъидул Ват1ан, дир г1ищкъудул т1огь
Анищазул т1алъи, дир хьулазул т1егь,
Т1олабго рекъараб, дир г1агараб ракь.

**Учит.** Т1олго Маликал асаралъ гьей тункич1еб, гьелъ х1ал бихьич1еб тема гьеч1ин абизхе бегьула, нилъеда рихьула гьелъул куч1дуз кидаго нилъ цин ц1орозарун, цин хинлъизарун гьарулел рук1ин, ват1аналъул т1алаб т1убалев васасде хъвараб кеч1алъги нилъер рак1азе гьесдехун х1 еренлъи, х1алимлъи бижинабула.

**«Солдатасде»**

**8. ц1алд-н**
Солдатасул эбел, цох1о вугев вас
Цох1о дуй бичараб т1олабго г1умру,
Россиялъул солдат, дуде божигун
Духъ балагьун буго г1азизаб улка.

Балъхъадерил щобал щущалел руго,
Ц1умадерил г1урухъ би жубан буго.
Доба борхалъуда «Х1амил г1иналда»
Россиялъул солдат вагъулев вуго.

**9. ц1алд-н**
Гьесул чорхолъ гьеч1о щибниги х1инкъи
Цох1о мурад буго бергьенлъиялде.
Гьесул рек1елъ гьеч1о щибниги ургъел
Цо х1аракат буго цевехун ине.

Гьале бат1алъана г1умруялдаса
Чанги анищалгун г1олохъанаб рак1.
Гьадин чвахун уна г1урччинаб харде
Рец1алихъ г1ащикъаб г1олохъанаб би.

**10ц1алд-н:**
Г1арададул гулбуз т1адмаг1арул ракь.
Бихъ- бихъулеб буго рах1му гьеч1ого
Ва амма солдатал рагъулел руго
Зах1матал ругъналгун, ахираб рух1гун.

Россиялъул солдат цо гуро вугев
Аза-азар руго нижер г1олилал,
Гьезий ками ккани, рец1ел босизе
Улкаялда васал г1емерал руго.

**11ц1алд-н:**

Гьале т1аде щвана г1аздалаб хасел
Ругъназул ц1ураб ракь хъах1лъизабураб
Хасел ананиги, их щвананиги
Вас камурай эбел кинха йик1иней?
Г1азу бианиги, хер бакканиги,
Каранлъ лъураб ругъун кидал ц1илъилеб?

Бидуца рец1ц1улел, ругъназул ц1урал
Муг1руца бицина нужер х1акъикъат
Г1олохъанаб бидул релъен босараб
Аварг1ор бук1ина кидаго нуг1лъун.

Гьаб нилъер экономикаги, техникаги цебет1ураб заманалда чара гьеч1ого х1ажатаблъун ккола ц1али- лъай цебет1езаби щивав инсанас. Гьелъул кьуч1алда г1уц1араб буго Ц1. Х, «Айдемир ва Умайгьанат».

«Айдемир ва Умайгьанат» ц1ал-з бихьизабула I- пардав.

Учит. Гьанже раг1и кьезин Маликал кл-рук. Зубайнат Гъапуровналъе.

**Зубайнат Гъафуровна:**
Лъимал, сонцин дида Малика йик1анин ккола гьал школалъул корридорал тун, екерун уней.
Заман хехго уна, амма лъалк1 хут1уларо. Гьединлъидал щивас х1аракат бахъизе ккола жидихъаго бажарараб гьабизе. Баркала буго Маликае гьаб даражаялде нильги рахинаруралъухъ. Кидаго т1ураги гьелъул анищал. Гьелда к1очон хут1угеги г1агараб росу, школа.

**Учит.** Гьанже жийго Маликае раг1и кьезин.

**М. Гереханова:**
Нужее к1удияб баркала буго дун гьание ах1аралъухъ, хасго учительзабазе дир суалазул таргьа ч1обоголъизабуралъухъ.
Дир нужедахун к1алъаялъул бак1алда ц1ализе кеч1 буго.

Рорч1ами, хириял муг1алимзаби,
Мактабго къалъарал учительзаби,
Заманго щвелелде, раккарал расалъ
Дир г1айиб батани, т1аса лъугьа нуж.

Дуда жаниб ана г1агараб школа,
Дир гьит1инаб г1умру, бат1ияб г1умру.
Гьале духъе яч1ун дун, дур ц1алдохъан,
Ах1ун гурей духъе щвезе лъаларей

Дуца ахирияб ц1умурги кьабун,
Аттестатги босун, нуха рег1араб,
Халатаб батана дида гьаб сапар,
Сверарал ратана г1умрудул нухал.

Гьаб ч1ег1ераб, хъах1аб дунялгун рагъда
Рогьана дир сардал, свана дир къоял.
Гьелдаса бергьине х1ал г1оларого,
Къунин мук1урлъизе рак1ги ч1оларо.

Гьаниб малъанщинаб, х1ажалъи ккедал,
Х1алае батула кидаго дие;
Муг1алимзабазул г1акъилал дарсал
Дарулъун т1инк1ула рек1ел т1иналде

**Учит:** Гьарула, Малика, кидаго мун дуца абулел г1умрудул карачалабазулъ т1ерхьун гурей, чот1ахъан г1адин, гьезул ч1олорхъогун карачалабазул хъинсазда т1ад т1аса йортич1ого цеехун айин. Бищунго борхатаб Кавказалъул Эльбрус т1охдеги яхун, т1асан ялагьейин нижер х1алалъухъ. Ц1ан бит1ани, квер тункулеб ц1абуц1ин гьабеги дуца цогидал ц1вабзахъеги.

**Учит:** Раг1и кьола Саг1идбег Эсентаевасе.

**С. Эсентаев.**
Жакъа дандч1вай гьабулеб буго нильеца г1олохъанай аспирантка Маликагун, метер нилъ, дида ккола, дандч1валин г1елмабазул доктогун. Маликал буго бажари ва гьеб х1алт1изеги гьабулеб буго.
Школалъул г1умруялъульги йик1ана гьей х1аракатч1ужу, хут1улароан кинаб бук1аниги данделъи яги конкурс гьей г1ахьаллъич1еб. Г1емерал рахъалъан борхизабуна Маликаца школалъул ва росдал къадру- къимат. Гьарула гьелъие кидаго гьединайлъун, г1аданлъи бугейлъун хут1изе.

**Учит:** Нилъ ахир руссунеб бак1 киназдаго лъала. Гьединлъидал диналъул рахъалъги Малика нахъе ккун гьеч1о. Ц1алула Къуран, рак1- рак1алъулаб божилъи т1адег1анав Аллагьасде. Гьедин хъвараб буго «Хваразул росу».

**«Хваразул росу»**